

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN


Métode panalungtikan anu digunakeun nyaéta métode déskriptif analisis kalawan ngagunakeun pamarekan filologi. Pamarekan filologi digunakeun pikeun nganalisis transliterasi dina naskah *Wawacan Purwadaksina*. Sabada ditransliterasi ngagunakeun pamarekan filologi, satuluyna naskah didéskripsikeun sarta dianalisis ajén kaagamaan anu kawengku dina ieu naskah. Ieu panalungtikan ngawengku kagiatan ngadéskripsikeun, nyatet, nganalisis, jeung ngainterprétasi masalah atawa kaayaan-kaayaan anu keur dirandapan. Ieu hal luyu jeung nu ditétélakeun ku Nazir (2011, kc. 25) yén tujuan tina métode déskriptif nyaéta pikeun ngadéskripsikeun sacara sistematis kana naon nu keur ditalungtikna.

Salian ti éta ieu panalungtikan ogé ngagunakeun pamarékan kualitatif pikeun ngadéskripsikeun jeung nganalisis fénoména, kajadian, aktivitas sosial, sikep, kapercayaan, persépsi, jeung sistem pamikiran sacara individual atawa kelompok.

Dina ieu panalungtikan, dimimitian ku prosés studi lapangan, wawancara, transliterasi naskah tina aksara Pégon kana aksara Latén kiwari, studi pustaka, ngumpulkeun data, idéntifikasi data, analisis data, jeung ngadadarkeun hasil anu satuluyna dipedar dina eusi panalungtikan.

3.1 Désain Panalungtikan

Désain panalungtikan nyaéta rarancang atawa gambaran anu ngagambarkeun prosés panalungtikan. Nurutkeun kamandang Sukmadinata (2005, kc. 287) désain panalungtikan mangrupa rarancang pikeun ngalaksanakeun panalungtikan. Ieu hal, luyu jeung kamandang Arikunto (2013, kc. 22-23) yén désain panalungtikan mangrupa prosés anu dijieun pikeun ngajawab masalah-masalah atawa pasualan anu dirumuskeun dina panalungtikan. Ti mimiti prosés ngumpulkeun data nepi ka ngolah data. Cindekna, desain panalungtikan pikeun ngagambarkeun léngkah-léngkah dina ngalaksanakeun panalungtikan, ti mimiti rumusan masalah nepi ka jadi hasil panalungtikan. Gambaran ngeunaan léngkah-léngkah anu dilaksanakeun dina ieu panalungtikan didadarkeun dina bagan ieu di handap.



Bagan 3.1
Désain Panalungtikan

3.2 Sumber Data Panalungtikan

Sumber data dina ieu panalungtikan téh nyaéta naskah “Wawacan Purwadaksina” anu ditulis ngagunakeun aksara Pégon taun 1887, lobana aya 120 kaca. Naskah “Wawacan Purwadaksina” miboga fungsi minangka ajaran kaagamaan sarta kiwari mah minangka bahan pustaka. Ukuran naskah 17 x 21,5 cm kalayan ukuran ruang tulisna 16 x 20 cm. Ieu naskah mangrupa arsip pribadi sarta warisan kagungan Bapa Chandra Komara, kapaluruh di Désa-Kecamatan Ciwidey Kp. Neglasari RT 02 RW 04 No. 9 Kabupatén Bandung.

3.3 Prosedur/Alur Panalungtikan

Prosedur panalungtikan nyaéta pola atawa rarancang anu ngawengku alur, modél, jeung tujuan dina panalungtikan anu mangrupa prosés dumasar kana pamarekan filologi kalawan métode déskriptif analisis. Ieu panalungtikan dimimitian ku ngalakukeun transliterasi naskah. Sabada kitu, nangtukeun rumusan masalah anu rék ditalungtik ku cara ngaidéntifikasi masalah anu nyampak dina naskah. Tina masalah anu geus ditangtukeun, tuluy ngumpulkeun data anu ngarojong kana panalungtikan. Dina ieu tahap, ngumpulkeun data ku cara ngalakukeun studi pustaka, nyaéta ngumpulkeun buku, jurnal, jeung rupaning rujukan anu luyu jeung panalungtikan. Sabada data kakumpulkeun, satuluyna dianalisis ngagunakeun tiori nu geus ditangtukeun.

Déskripsi naskah jeung raratan naskah ditalungtik ngagunakeun téhnik wawancara. Data anu dikumpulkeun tina hasil transliterasi, anu satuluyna dianalisis sarta dipedar. Dina ieu panalungtikan dipungkas ku nyindekkeun hasil panalungtikan. Léngkah-léngkahna:

- 1) Nangtukeun objék jeung judul,
- 2) Nangtukeun kasang tukang, rumusan masalah, jeung métode panalungtikan,
- 3) Néangan tiori anu luyu jeung objék panalungtikan,
- 4) Nangtukeun sumber buku jeung jurnal nu luyu jeung objék panalungtikan,
- 5) Ngumpulkeun data ku cara wawancara jeung studi pustaka,
- 6) Ngalakukeun transliterasi naskah,
- 7) Nganalisis data téks jeung kontéks,
- 8) Nganalisis ajén kaagamaan dumasar kana hasil transliterasi, jeung

9) Ngolah data hasil analisis.

3.3.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta téhnik studi lapangan, wawancara, dokuméntasi, sarta studi pustaka. Téhnik studi lapangan digunakeun pikeun malaruh tempat atawa asalna naskah. Téhnik wawancara jeung dokuméntasi digunakeun pikeun maluruh data raratan naskah sarta pikeun ngadokuméntasikeun naskah lantaran naskah henteu diinjeumkeun. Ari téhnik studi pustaka mah digunakeun pikeun ngumpulkeun data ku cara nala'ah tiori-tiori boh tina buku boh jurnal anu aya patalina jeung panalungtikan. Hal ieu luyu jeung pamadegan Satori jeung Komariah (2009, kc. 152) nu nétélakeun yén studi pustaka nyaéta salah sahiji cara pikeun ngumpulkeun data atawa bahan panalungtikan boh nu mangrupa buku boh jurnal nu luyu jeung panalungtikan.

Sacara gurat badagna, léngkah-léngkah anu dilakukan pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan, di antarana:

- 1) ngadéskripsikeun idéntitas jeung kaayaan naskah;
- 2) ngalihaksara atawa transliterasi naskah “Wawacan Purwadaksina”;
- 3) maluruh struktur formal naskah “Wawacan Purwadaksina”;
- 4) nganalisis jeung ngadéskripsikeun ajén kaagamaan nu aya dina naskah “Wawacan Purwadaksina”; jeung
- 5) nyusun bahan ajar wawacan di kelas XI SMA.

3.3.2 Instrumen Panalungtikan

Sanjaya (2011, kc. 84) nétélakeun yén instrumén panalungtikan nyaéta alat anu bisa digunakeun pikeun ngumpulkeun data atawa informasi panalungtikan. Dina ieu panalungtikan digunakeun format studi lapangan jeung format wawancara pikeun néangan informasi saluareun naskah sarta ngeuyeuban informasi anu aya dina naskah.

Kartu data digital digunakeun ogé pikeun maluruh fungsi téks dumasar kana jenis téks anu aya. Kartu data miboga fungsi pikeun ngumpulkeun data panalungtikan anu aya dina naskah. Anapon format wawancara jeung kartu data anu digunakeun dina ieu panalungtikan saperti ieu di handap.

Tabél 3.1
Format kartu data wawancara

Raratan Naskah
<ol style="list-style-type: none"> 1. Judul Naskah: <ol style="list-style-type: none"> a. Dumasar kana naskah: b. Ceuk nu boga naskah: 2. Anu Ngarang Naskah: <ol style="list-style-type: none"> a. Ngaran: b. Umur: c. Pakasaban: d. Padumukan: 3. Anu Boga Naskah: <ol style="list-style-type: none"> a. Ngaran: b. Umur: c. Pakasaban: d. Padumukan: 4. Kontéks Naskah: <ol style="list-style-type: none"> a. Asal-usul Naskah: b. Fungsi Naskah:
Déskripsi Idéntitas Naskah
<ol style="list-style-type: none"> (1) Judul Naskah: (2) Aksara: (3) Basa: (4) Wangun Téks: (5) Ukuran Téks: (6) Jumlah Kaca: (7) Jumlah Jajaran/Kaca: (8) Bahan: (9) Jenis Kertas: (10) Cap Kertas: (11) Warna Kertas: (12) Warna Téks: (13) Kondisi Fisik: (14) Number Unggal Kaca: (15) Jelas henteuna Tulisan:

Tabél 3.2
Kartu Data Analisis Ajén Kaagamaan
Akidah

Kartu Data Digital	
1.	Wanda :
2.	Sumber :
3.	Kanto :
4.	Nomer Pada/Padalisan :

Tabél 3.3
Kartu Data Analisis Ajén Kaagamaan
Ahlak

Kartu Data Digital	
1.	Wanda :
1.	Sumber :
2.	Kanto :
3.	Nomer Pada/Padalisan :

Tabél 3.4
Kartu Data Analisis Ajén Kaagamaan
Syariah

Kartu Data Digital	
1.	Wanda :
2.	Sumber :
3.	Kanto :
4.	Nomer Pada/Padalisan :

Keterangan :

- 1) Wanda nyoko kana ajén kaagamaan nu ngawengku akidah, ahlak, jeung syariah nurutkeun tiori Azra Spk. (2002).
- 2) Sumber ajén kaagamaan nu ngawengku Al-Qur'an jeung Hadis.
- 3) Kanto (Nomer Pupuh) nu kapanggih aya ajén kaagamaan.
- 4) Nomer pada/padalisan nuduhkeun kalimah anu aya dina pada jeung padalisan ka-.

Tika Kartika, 2023

AJÉN KAAGAMAAN DINA NASKAH WAWACAN PURWADAKSINA PIKEUN BAHAN PANGAJARAN WAWACAN DI KELAS XI SMA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Dina nyusun bahan ajar, saméméhna diperlukeun padoman pikeun nangtukeun kritéria milih bahan ajar. Kritéria milih bahan ajar dina ieu panalungtikan saperti tabél di handap.

Tabél 3.5
Kritéria Milih Bahan Ajar

No	Kritéria Milih Bahan Ajar	Nyumponan	Teu Nyumponan
1.	Tujuan nu hayang dihontal		
2.	Dianggap mibanda ajén pikeun kahirupan manusa		
3.	Dianggap mibanda ajén minangka warisan ti entragan saméméhna		
4.	Aya gunana pikeun ngawasa hiji paélmuan		
5.	Luyu jeung kabutuh katut minat siswa		

3.3.3 Téknik Ngolah Data

Sabada data kakumpulkeun, satuluyna data diolah ngaliwatan téhnik analisis sacara langsung. Anapon téhnik ngolah datana, saperti ieu di handap.

- 1) Ngadéskripsikeun naskah “Wawacan Purwadaksina”.
- 2) Nyusun transliterasi “Wawacan Purwadaksina”.
- 3) Ngolah data anu geus kakumpulkeun, ku cara: mariksaan deui datana, méré kode data ka unggal data anu kapanggih.
- 4) Ngadéskripsikeun eusi dina naskah “Wawacan Purwadaksina”.
- 5) Ngadéskrpsikeun ajén kaagamaan nu aya dina naskah kana data anu geus kakumpul.
- 6) Larapna bahan ajar wawacan pikeun kelas XI SMA.

Luyu jeung padoman transliterasi naskah, katitén aya sababaraha hal saperti ieu di handap.

- 1) Digunakeun nomer (1,2,3,jst.) pikeun dina unggal ganti pada sangkan babari dina prosés maluruh data.
- 2) Pikeun nomer kaca dina naskah, hasil transliterasi ditulis ku tanda dua gurat condong (//) misal kaca //(86), ditulis saacan nomer kaca.

Tika Kartika, 2023

AJÉN KAAGAMAAN DINA NASKAH WAWACAN PURWADAKSINA PIKEUN BAHAN PANGAJARAN WAWACAN DI KELAS XI SMA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- 3) Ngagunakeun hurup kapital dina nuliskeun ngaran jalma, tempat, jeung istilah agama.
- 4) Ngagunakeun hurup kapital dina unggal pada mimiti.
- 5) Hasil transliterasi ditulis sapada-sapada ilaharna nulis sajak sangkan babari dina prosés maca jeung analisis data, dina naskah aslina mah ditulis sacara ngaguluyur.
- 6) Ngagunakeun tanda koma (,) jeung titik (.) pikeun misahkeun unggal padalisan jeung unggal pada. Unggal ganti padalisan dicirian ku tanda koma (,), sedengkeun pikeun nyirian ganti pada ngagunakeun tanda titik (.)
- 7) Sawatara kecap dina naskah diédit, luyu jeung aturan éjahan basa Sunda:
 - a. hurup semivokal y dileungitkeun dina sawatara kecap saperti siyeun, siyang, cariyos, niyat, jrrd.
 - b. hurup nu dileungitkeun dina sawatara kecap, saperti isteri jadi istri, peribumi/ pibumi jadi pribumi, jrrd.
- 8) Angka Ƶ dina naskah nu hartina nyaéta kecap rajékan, dina hasil transliterasi ditulis deui kecapna tuluy dipisah maké tanda geret (-).
- 9) Tanda (...) nu aya dina hareupeun hiji kecap nuduhkeun yén éta kecap masih diragukeun jeung aya sababaraha kecap nu teu kabaca sagemblengna lantaran aksara naskahna ruksak.
- 10) Kecap anu dina naskahna can merenah ditulis disaluyukeun jeung éjahan basa Sunda kalawan maké tanda (sic).